**दिन–शनिवार** **दिनांक–14.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे भारत आतंकवादक खिलाफ जीरो टॉलरेंस केर नीति सँ कोनो समझौता नहि करत। गुवाहाटी मे एकटा कार्यक्रम मे श्री मोदी पुलवामा शहिद लोकनि कँ श्रद्धांजलि दैत कहलनि जे भारत ऑपरेशन सिंदूर केर माध्यम सँ दुनिया भरिक सोझां अपन सैन्य क्षमताक उदाहरण पेश कयलक अछि। श्री मोदी कांग्रेस पर आतंकी गतिविधि सभ मे शामिल लोक सभ कँ संरक्षण देबाक आरोप लगौलनि।

---

सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे काल्हि साउथ ब्लॉक मे मंत्रिमंडलक अंतिम बैसक भेल छल। नव दिल्ली मे संवाददाता सभ कँ संबोधित करैत श्री वैष्णव कहलनि जे आब मंत्रिमंडलक बैसक सभ सेवा तीर्थ मे होयत। ओ जनौलनि जे मंत्रिमंडल एक लाख करोड़ टाकाक केन्द्रीय सहायताक संग अर्बन चैलेंज फंड केर शुभारंभ कँ मंजूरी देल गेल। ई अनुदान आधारित वित्तपोषण केर स्थान पर बाजार– आधारित, सुधार–संचालित आ परिणाम–उन्मुख अवसंरचना निर्माण दिस देशक शहरी विकास दृष्टिकोण मे एकटा महत्वपूर्ण बदलाव आनत। भारतक बढ़ैत स्टार्टअप इकोसिस्टम कँ एकटा पैघ प्रोत्साहन दैत मंत्रिमंडल स्टार्टअप इंडिया फंड ऑफ फंड्स केर दोसर चरणक स्थापना कँ मंजूरी दऽ देलक अछि।

---

सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि अछि जे सरकार छोट उद्यमी सभ कँ वैश्विक बाजार उपलब्ध करयबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री मांझी आइ गयाजी केर मानपुर स्थित कृषि विज्ञान केन्द्र मे खरीद आ विपणन सहायता पर आधारित राष्ट्रीय कार्यशाला कँ संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे केन्द्रीय बजट मे एमएसएमई क्षेत्र लेल कतेको घोषणा कयल गेल अछि। श्री मांझी कहलनि जे आइ एमएसएमई क्षेत्र कृषिक बाद सभ सँ पैघ रोजगार प्रदाता अछि। ओ कहलनि जे देशभरि मे अखन सात करोड़ चालीस लाख सँ बेसी इकाई सक्रिय अछि आ एहि सँ तैंतीस करोड़ सँ बेसी लोक जुड़ल छथि। श्री मांझी कहलनि जे हुनक मंत्रालय ओपेन नेटवर्क फॉर डिजिटल कॉमर्स सन प्लेटफॉर्म केर माध्यम सँ वैश्विक बाजार सभ धरि सीधा पहुंच बना रहल अछि। समारोह कँ विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार सेहो संबोधित कयलनि।

---

संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे उद्योग सभक विकास आ युवा लोकनि कँ रोजगार देब राज्य सरकारक प्राथमिकता अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे सरकार बंद चीनी मिल सभ कँ खोलत आ नव मिल सभक स्थापना सेहो करत।

---

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा भूमि विवाद सभ कँ समाप्त करबाक प्रतिबद्धता दोहरौलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे भू–माफियाक खिलाफ सख्त कार्रवाई कयल जायत।

---

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन आइ दू दिवसीय दौरा पर पटना पहुंचलाह। हवाई अड्डा पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा समेत पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि हुनक स्वागत कयलनि।

---

जमूई केर एस.के. सिंह मेमोरिल स्टेडियम मे आइ सँ **माटी का बल–दंगल** प्रतियोगिताक शुरूआत भेल। बिहारक पारंपरिक कुश्ती–मल्ल युद्ध पर आधारित एहि प्रतियोगिता मे एक सय नवासी पुरूष आ महिला खेलाड़ी भाग लऽ रहल छथि।

पटनाक पाटलिपुत्र खेल परिसर मे आइ सँ दू दिवसीय राज्य स्तरीय दिव्यांग खेल प्रतियोगिताक शुरूआत भेल। एहि प्रतियोगिता मे सभ प्रमंडलक खेलाड़ी शामिल भऽ रहल छथि।

बिहार क्रिकेट एसोसिएशन रणजी ट्रॉफी, विजय हजारे ट्रॉफी आ कर्नल सी.के नायडू ट्रॉफी मे प्रतिभागी खेलाड़ी लोकनि, कोच, मैनेजर आ सपोर्ट स्टाफ कैँ सम्मानित कयलक अछि।

———————————————————————

मधुबनी नगर थाना क्षेत्र सँ पुलिस एकटा व्यापारी सँ रंगदारी मांगबाक आरोप मे तीन आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि।

मुजफ्फरपुर जिलाक फराक–फराक थाना क्षेत्र सभ मे पुलिस अभियान चला कऽ मादक पदार्थक तस्करी आ बिक्री मे शामिल छओ अपराधी कैँ गिरफ्तार कयलक अछि।

पूर्णियां जिला आइ अपन दू सय छप्पनम स्थापना दिवस आ पुरेनिया महोत्सव मना रहल अछि। एहि अवसर पर जिला प्रशासन दिस सँ कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक मौसम आब धीरे–धीरे सामान्य होबऽ लागल अछि। हलांकि, एखनहुं भोर आ सांझ मे थोड़ेक ठंढा बुझायत अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे दिन मे रौद निकलबा सँ अधिकतम तापमान मे क्रमिक रूप सँ बढ़ोतरी होयत। भोर मे किछु ठाम हल्का कुहासा रहबाक संभावना अछि।

———————————————————————

समाप्त